



Sibvansyon Pou Ti Biznis Ki Gen 5 Oswa Mwens Anplwaye Yo

REZIME PWOGRAM NAN:

Pwogram sibvansyon sa a la pou sipòte ti biznis nan Massachusetts COVID-19 te afekte yon fason negatif yo.

Yo te distribye lajan CDBG-CV espesyal, federal sa yo nan CARES Act of 2020 epi ajans k ap resevwa li yo se Depatman Lojman ak Devlopman kominote (Department of Housing and Community Development, DHCD) nan Massachusetts, Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Department of Housing and Urban Development, HUD) epi se Massachusetts Growth Capital Corporation (MGCC) k ap jere li.

Lajan an la pou ede biznis pandemi a te afekte yon fason negatif yo. Kalite biznis n ap bay preferans yo se sa yo pwopriyetè yo se fanm, minorite, veteran, manm gwoup lòt ki pa gen ase reprezantasyon yo, ki konsantre nan ofri sèvis bay Vil Kafou Massachusetts yo, epi sa yo pandemi COVID-19 la afekte pi mal yo. Epi, nou bay aplikan ki gen pi gwo bezwen epi ki poko resevwa èd nan pwogram federal ki gen rapò ak COVID-19 yo preferans tou.

ENSTRIKSYON POU SOUMÈT APLIKASYON:

Aplikasyon ou an dwe ranpli epi bay ansanm ak dokiman siplemantè jan sa di nan " Dokiman Obligatwa a " pa mwayen elektwonik nan platfòm entènèt MGCC a, ki rele Submittable. Nou p ap konsidere okenn aplikasyon sou papye oswa lòt kalite kopi elektwonik tankou nan kourye lapòs oswa imèl. Anplis, se sèlman aplikasyon ki konplè, egzakt ak lizib nou pral konsidere.

KI MOUN KI KALIFYE:

- Biznis lan dwe genyen yon etablisman fizik Massachusetts.
- Biznis lan dwe se yon ti biznis (yon biznis komèsyal ki gen 5 oswa pi piti anplwaye, 1 oswa plis nan moun ki mèt biznis lan).
- Pwopriyetè biznis la dwe kalifye anba Revni Fèb-Modere (Low-Moderate Income, LMI) kritè objektif nasyonan kliyantèl limite. Yo dwe genyen yon revni anyèl egal oswa mwens ke 80% de Zòn Revni Mwayen (AMI) baze sou gwosè fanmi an.
- Biznis lan dwe yon antite ki rantab (biznis endividyèl, asosye, sosyete, oswa LLC).
- Biznis lan dwe founi pwodui oswa sèvis pou plizyè kliyan oswa konsomatè.
- Biznis lan dwe kapab bay yon dokiman ki pwouve yon pèt revni egal ak oswa plis pase èd yo mande akòz COVID-19.
- Biznis lan dwe ap fonksyone nan moman an, men si li p ap fonksyone, li dwe gen entansyon pou re-louvri.
- Biznis lan dwe te etabli anvan 30 jen 2019.
- Biznis lan dwe an règ ak Eta a epi ak vil/komin nan.
 - Biznis lan dwe ajou ak tout enpo li dwe jiska 1ye mas 2020; epi
 - Gen lisans/deklarasyon deta aktif epi valab, si li aplikab; epi
- Biznis ki pa kalifye yo:
 - Biznis ki lwa/vann byen imobilye;
 - Biznis ki pou moun ki anba 18 lane;
 - Biznis ki konekte yo;
 - Boutik ki ban alkòl;
 - Machann/dilè zam
 - Demachè; oswa

- Biznis ki gen rapò ak Kanabis.

MONTAN FINANSMAN AN:

Jiska \$25,000

ITILIZASYON FINANSMAN KI APWOUVE YO:

Yo kapab itilize finansman yo pou lajan pou kouvri depans biznis lan, tankou lwaye, pèsònèl, sèvis piblik ak asistans piblik, sipò jeneral ak estabilizasyon biznis la. Resous yo kapab itilize tou pou achte ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protection equipment, PPE).

ITILIZASYON FINANSMAN KI PA APWOUVE YO:

Yo p ap ka itilize finansman sibvansyon an pou achte gwo ekipman, achte byen imobilye, pou fè aktivite konstriksyon, pou agrandi biznis, oswa fè lòbi. Epitou, benefisyè yo dwe evite double avantaj, ki vle di yo pa ka itilize lajan sa yo pou peye depans si yon lòt sous èd finansye te peye pou menm depans sa a.

PWOSSESIS POU AKÒDE FINANSMAN YO:

Après Peryòd aplikasyon an fèmen, Massachusetts Growth Capital Corporation (MGCC) pral revize tout aplikasyon yo pou detèmine kalifikasyon. MGCC pral bay ak debloke sibvansyon selon kritè pou kalifye a ak priyòrizasyon selon preferans.

DOKIMAN OBLIGATWA:

Tanpri prepare pou bay bagay sa yo pou aplikasyon ou an:

- [Nimewo DUNS](#) (Ou ka chache Nimewo DUNS ou an pandan wap swiv lyen an. Si pou poko gen youn, ou kapab fè yon demann rapid pou yon nimewo (repons nan 24 èdtan) pandan wap di egzakteman ou ap aplike pou yon sibvansyon gouvènemantal. Sèvi ak lyen Platfòm Sèvis Otomatize a: www.dnb.com/govtduns epi chwazi "Federal Government Contractors or Grantees DUNS Number Support".)
- Yon kopi Deklarasyon Enpo Biznis Federal ou te depoze 2019, federal biznis ou ranpli nèt, ak tout rejim fiskal yo ladan.
- Yon kopi konplè Deklarasyon Enpo Biznis Federal ou te depoze 2019 pou chak mèt biznis, ak tout rejim fiskal yo ladan.
- Yon kopi pèmi pou Fonksyone/Pèmi Biznis/Sètifikasyon Pwofesyonèl, si li aplikab
- Fòmilè IRS W-9 ki ranpli epi siyen
- Si biznis ou sa e yon LLC, Patenarya oswa Kòporasyon: Yon kopi Sètifika Konfòmite nan men Sekretè Deta, pa nan men Depatman Revni (Ou pa bezwen yon Sètifika Konfòmite nan men Depatman Revni.) Tout antite ki òganize nan lòt eta yo ki fonksyone nan Massachusetts dwe anrejistre epi an règ nan Massachusetts. Si ou bezwen mande yon Sètifika Konfòmite, klike isit la: <https://corp.sec.state.ma.us/CorpWeb/Certificates/CertificateOrderForm.aspx> .
- Si biznis ou sa e yon Biznis Endividyèl: Yon kopi Sètifika Biznis ou (DBA) nan vil / vil ou a Yon kopi Kontra Lwaye Biznis ou oswa Bòdwo Ipotèk
- Yon kopi fakti a pou depans ou ta vle itilize finansman sibvansyon sa yo pou peye. Si li se pou yon depans w ap fè alavni, tanpri dekri an detay ki sa depans yo pral (nan 1-2 fraz) epi prepare w pou w soumèt prèv ou te peye depans yo nan 45 jou oswa mwens apre ou resevwa sibvansyon an.
- Opsyonèl - Dokiman Prèv Sipò Verifikasyon Revni pou Ane 2020 Aplikan yo ka soumèt dokiman istorik pou sipòte revni ak depans yo prevwa ak aplikasyon yo, tankou: deklarasyon enpo chak trimès, deklarasyon revni, rapò sou lavant, deklarasyon ekoulman lajan kach, ak rapò kont yo gen pou touche kòm dokiman sipò. Menmsi se pa yon egzijans lè soumèt aplikasyon an, tanpri sonje aplikan yo dwe bay dokiman prèv si Massachusetts Growth Capital Corporation, Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè Massachusetts, oswa Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini pi devan si yo mande sa.

KONFÒMITE AK FINANSMAN FEDERAL, LWA AK RÈGLEMANTASYON:

Moun ki aplike yo dwe konfòme yo ak tout lwa ki aplikab yo.

SIPÒ TEKNIK: KONTAK SUBMITTABLE

Sitwèb: submittable.com/contact

LÒT KESYON: KONTAK MGCC

Imèl: support@massgcc.com

Tanpri mete “Small Business Grants for Under 5 Employees” sou sijè imèl la

TRADIKSYON LANG:

N ap gen enfòmasyon sou rezime pwogram nan disponib nan lang sa yo talè konsa: (Aplikasyon an ap rete nan lang angle)

- Arab
- Gwajarati
- Kreyòl Ayisyen
- Kmè
- Koreyen
- Pòtigè
- Chinwa Senplifye
- Panyòl
- Chinwa Tradisyonèl
- Vyetnamyen